# ЛЪАРАТIА

ЛъаратIа районалъул газета

№ 3 * февраль 2019 с. * Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. * Багьа 10 гъ.


*хIисабал ва хIасилал*

## РАЙАДМИНИСТРАЦИЯЛДА ИРГАДУЛАБ ДАНДЕЛЪИ ТIОБИТIАНА

**Февралалъул 25 абилеб къоялъ ЛъаратIа тIобитIана исанасеб лъагIалил тIоцебесеб заседание. Гьенир гIахьаллъана терроралда данде чIараб комитеталъул председатель ва районалъул бетIер Ражаб Ражабов, ОМВДялъул начальник ХIажибег Шамилов, районалъул прокурорасул заместитель СултIанбег АхIмадов, районалъул имам МухIамад ГIалиев, лъайкьеялъул идараялъул нухмалъулев Сулейман Меджидов, райбольницаялъул бетIерав тохтур Асадула Юсупов, росабазул бутIрул ва идарабазул церехъаби ва школазул директорал.**





Гьениб тIоцебе гьоркьоб лъуна терроралда данде къеркьеялъул 2018 лъагIалил хIасил абураб суал. Цеве вахъун кIалъана терроралде данде чIараб комитеталъул председатель Ражаб Ражабов. Гьесул пикруялда рекъон, районалда тIоцебе терроралде данде рагъ базе ккола гIисилъималаздаса, школьниказдаса байбихьун. ГIолохъанал, дуниялалъул бичIчIи загIипал чагIи бигьаял рукIунила бокьараб чвахxиялде цIазе. Гьелъ кIудияб кIвар кьезе кколила эбел – инсуца, мугIалимзабаз школазда ва институтазда цIалулел лъималазе.

«Терроризм ва экстремизм цо къоялъ баккунеб ва тIагIунеб унти гуро. Гьелдаса цIунизе ккани нилъер щивав районцояс кIвар кьезе ккола нилъер ракьалде гьеб щвечIого букIине. Гьелъие руго нилъер районалда полиция, рухIиял хIалтIулхъаби, жамагIат ва хасал гIуцIиял. Гьелгун рекъон хIалтIи гьабуни нилъер ракьалде экстремизм ва терроризм баккизе гьечIо. Нилъ Аллагьас цIунун руго гьелдаса, амма гьеб гIицIго къуваталъулазул гуреб жамагIаталъулги кIудияб хIалтIи буго гьеб унти къабул гьабун гутIи. Бокьараб мехалъ хIадурун рукIине ккола киналго районцоял терроралде данде рахъине».

Гьединго гьеб суалалъ цеве вахъана ОМВДялъул начальник ХIажибег Шамилов. Гьесул рагIабазда рекъон, терроралда данде хIалтIи гьабизе кколила тIолабго районалда щибаб росулъ. Щайгурелъул цо – цо гьитIинал росабалъги загьирлъулел ругила жил экстремизмаялъул рахъалъ тамихIалде ккечIел, амма гьелдехун бербалагьи бугел.

ХIажибег Шамилов: «ГьабсагIаталда районалда гьечIо терроралда хурхараб статьялъ полициялъулазухъе ккарал, амма гьел раккулел руго дора – гьаниса. Паспорталда рекъон районалда гIумру гьабулел, амма хIакъикъаталда дора – гьанир шагьаразда, къватIисел регионазда гIумру гьабун ругел. Гьединал чагIазул гьоркьияб соналъ лъабго чи тIатун вуго ЛъаратIа районалдаса, амма гьел магIарухъ гIумру гьабун гьечIо. Аслияб къагIидаялъ гьел руго республика тун къватIир, цоги регионазда ругел чагIи. Жакъа нижеда цебе чIараб масъала буго щибаб росулъ терроралде данде чIараб кIалъа – басай гьаби. Школазда, ясли – ахазда гьабулеб буго гьединаб хIалти, районалъул АТКялъгун цадахъ. Цойги полициялъулазда цебе чIараб суал буго рухIияб рахъалъул ихтиярал хвезаричIого, терроралдехун къеркьей. Гьединлъидал имамзабигун, рухIияб идараялъул церехъабигун цадахъ лъугьун гьабизе буго хIалтIи».

АТКялъул председатель Ражаб Ражабовас комиссиялъул хIукмуялда цебе лъуна цIияб АТКялъул план. Гьеб хасаб планалда рекъон хIалтIизе ругила терроралда данде чIараб комитеталъул ва полициялъул хIалтIулхъаби. 2019 соналъул планалда рекъон киналго росабалъ ва лъай кьеялъул учреждениязда гьабизе бугила хIалтIи. Комиссиялъ АТКялъул цIияб план тасдикъ гьабуна.

*хIисабал ва хIасилал*

## Хварал ракIалде щвезаруна

**Февралалъул 23 къоялъ Къамилухъ росулъ тIобитIана лыжазда хьещтIеялъул рахъалъ тIолго районалъул турнир. Къец тIобитIулеб букIана ВатIан цIунулезул праздник ва Афганистаналдаса Совет хIукуматалъул армия нахъе бачаралдаса 30 сон тIубай баркун. Гьенир ракIалде щвезаруна Афгъанистаналдаса нахъ руссинчIел Анкьракьалъул лъабго гIолохъанчи.**



Гьел рукIана Къамилухъ росулъа ТIалхIат ГIумаров, Гьиндиса МухIамадгIали МухIамадгIалиев ва КIособ росулъа ХIажимурад ГIалиев. Аллагьасул къадарги чияр ракьалда щун руссана гьел Афгъанистаналдаса нахъе. Гьеб тадбир гIуцIана Къамилухъ росдал администрациял, районалъул гIолохъабазул комитеталъ, Къамилухъ гьоркьохъеб школаялъ ва районалъул «Единая Россия» партиялъул отделалъ.

Данделъиялда гIахьаллъана горсобраниялъул депутат, Бузай Ибрагьимовасул цIаралда бугеб спортшколалъул директор ХIабиб ГIабдулаев, районалъул бетIерасул заместитель Рамазан ГIабдулхаликъов, районалъул имам МухIаммад ГIалиев, росабазул бутIрул ва жамагIат.

Цере рахъун кIалъараз баркала кьуна данделъи гIуцIаразе, балагьизе щвараб жамагIаталъе.

Рамазан ГIабдулхаликъов: «Районалъул нухIмалъиялъул рахъалдаса баркала кьолеб буго киналго данделъи гIуцIаразе ва ракI – ракIалъ гIодов къулулев вуго ВатIанияб тIалаб тIобитIулаго чияр ракьалда хIварал нилъер гIолохъабазе, гьезул бахIарчилъиялъе. Нилъеца ракIалде щвезаризе ккола нилъее гIоло чияр ракьалда хварал ракьцоял ва чIаго гьениса нахъ руссаразе кIудияб хIурмат. Нилъеца кидаго бетIер къулизе буго рагъда лъимал чIвараl улбузе ва гIагарлъиялъе. Гьарула нужер киназего щулияб сахлъи ва талихI. ЦIунайги нилъ рагъалдаса» , - ян абуна Рамазан ГIабдулхаликъовас.

ДанделъилъугIигун гIолохъабазул комитеталъул нухмалъулев Камиль ГIалибеговас баркала кьуна къецал тIоритIизе кумек гьабуралъухъ Къамилухъ росдал бегавул Къурбан Рамазановасе, школалъул директор Камиль МухIамадовасе ва росдал жамагIаталъе.

Къецазда бергьарал гIолохъабазе кьуна грамотаби, медалал ва гIарцудалъун шапакъатал.

# НАЛОГАЛ, РАКЬАЛ ВА ХАЙИР ГЪЕЧIЕБ БУГОЛЪИ

**ЛъаратIа районалъул нухмалъиялъ хъутабазда гIумру гъабун чIараб жамагIаталъулгун иргадулаб данделъи тIобитIана. Гьениб гьоркьоб лъуна СПКязул къаймлъиялда ругел ракьал хIалтIизари ва ва гьезул налог хIукуматалъе кьеялъул суал. Гьеб суалалда сверухъ гIемерал кIвар буссинабизе ккарал хIужаби тIатинаруна жамагIаталъулгун нухмалъиялъул рагъараб кIалъаялъ. Гьединал данделъаби гьаруна Къамилухъ, Дахадаево, Победа ва цоги росабалъ.**



Районалъул нухмалъиялъ бичIизабулеб буго СПКялъухъ ругел ракьал рекьичIони, хIалтIизаричIони хIукуматалъул ихтияр бугила гьел ракьал цоги хIалтIизарулел чагIазухъе кьезе. ГIицIго хер бичун тIубалеб хIалтIи букIунарила.

Районалъул росдал магIишаталъул нухмалъулев МухIамад МухIамадовасул рагIабазда рекъон, гIемерал ракьал ругила цо – цо чагIазда цере хIалтIизаричIого, рекьичIого рехун тун. Министерствоялъул тIалабазда рекъон, ращдазас цIикIун ракьал хIалтIизаризе ккола хайиралда балагьун ва гьелда рекъон налогалги кьезе кколила.

«Министерствоялъул щибаб данделъиялда гьоркьоб лъолеб буго гьеб суал. Жакъасеб къоялъ хIинкъизе ккараб хIал буго хъутабазда ругел ракьазда. Щайгурелъул нилъеда лъала цониги хасав чиясул кинабгIаги ихтияр гьечIо гьаб ракь дир буго, гьалда хъвагеян абизе. Киналго СПКязухъ ругел ракьал ккола республикаялъул буголъиялъул министерствоялъул ихтиярлда. Гьез бокьараб къоялъ хIалтIуларезухъа хIалтIизе бокьарал чагIазухъе кьезе бегьула. Буго республикаялъул нухмалъиялъул гьединаб ихтияр. Лъел суалал цере рукIун ратаниги гьанже 90% ЛъаратIа районалъул росабазе рес кьун буго лъеца ракьал лъалъазе. ШартIазда рекъон хъарпуз, пастIан, помидор бекьизе лъиениги жакъа квал – квал гьечIо. Гьелъие киналго шартIал чIезарун руго. ГIадамазе хIалтIизе бокьун гьечIо».

ЖамагIаталъухъ гIенеккараб мехалъ, гьезул рагIабазда рекъон хайир гьечIила ракьал рекьизе. Бокьараб хIалтIи байбихьизе ккани, гьелъие гIурал шартIалги чIезаризе ккани, налогалги кьуни хайир цIакъ дагьаб гурони чIолеб гьечIила, заралалде ккезеги рес бугила. ЖамагIаталъул пикруялда рекъон, хIукуматалъе кьолел налогазул бугила кIудияб процент, гьел налогалги кьун хIалтIул магIна кколеб гьечIо. Гьединго жамагIаталъул пикруялда рекъон, хIукуматалъ бихьизабун гьечIо сундаса кигIан налог кьезе кколеб абураб хIакъикъияб документ. СПКяз жидеда ракIалде ккараб куцалъ чIезарун ругила налогал. Гьелъие мухIканлъи чIезабичIого гIарац кьезе лъие бокьилеб. Лъалеб гьечIила лъихъе ва кире унел ругел гIадамаз кьурал налогал, гьелъул доклад , отчет кьолев чиги гьечIила щивго.

ГьабсагIаталъ щивав росабазул бегавулзабаз ва росдал магIишаталъул хIалтIухъабаз хъвалеб буго договор щивав жинда хадуб ракьал ругев чиясгун. Кин хIалтIизабизе бугеб ва щиб бекьизе бугеб киналго суалал гьеб договоралда рекъон гьабизе хIукму ккана нухмалъиялъул ва хъутаналда бугеб жамагIаталъул.

# СТАТЬЯ О ПРОВЕДЕННОМ МЕРОПРИЯТИИ ПО ТЕМЕ «МЫ ПРОТИВ ТЕРРОРИЗМА»

*Мероприятия посвященные памяти пострадавшим в террористических актах прошли в МКОУ Тляратинской СОШ им. А. Сайпулаева.*

**Мероприятие началось с минуты молчания... Террор - запугивание, подавление противников, физическое насилие, вплоть до физического уничтожения людей совершением актов насилия (убийства, поджоги, взрывы, захват заложников). Терроризм - это тяжкое преступление, когда организованная группа людей стремиться достичь своей цели при помощи насилия.**

Террористы – это люди, которые захватывают в заложники, организуют взрывы в многолюдных местах, используют оружие. Часто жертвами терроризма становятся невинные люди, среди которых есть и дети. К террористическому акту невозможно подготовиться заранее, поэтому следует быть настороже всегда. Следует проявлять особую осторожность на многолюдных мероприятиях, в развлекательных заведениях т.д. Посещая многолюдные мероприятия необходимо проявлять осмотрительность и гражданскую бдительность. Вспомнили ужасные случаи террористических актов: Террористической акт в Беслá не —1 сентября 2004 года захват заложников в школе № 1 города Беслана (Северная Осетия), совершённый террористами утром во время торжественной линейки, посвящённой началу учебного года. В течение двух с половиной дней террористы удерживали в заминированном здании 1128 заложников (преимущественно детей, их родителей и сотрудников школы) в тяжелейших условиях, отказывая людям даже в удовлетворении минимальных естественных потребностей Террористический акт в Будённовске 14—19 июня 1995 года. Группа террористов численностью 195 человек, возглавляемая Шамилем Басаевым, захватила в заложники более 1600 жителей Будённовска, которых согнали в местную больницу. Тех, кто отказывался идти, расстреливали. Местные милиционеры попытались оказать сопротивление террористам, но почти все были убиты. Террористы выдвинули требования российским властям: остановить военные действия в Чечне. В результате штурма 17 июня освобождён 61 заложник. В результате теракта погибли 129 человек, 415 ранены. Из них 30 человек погибли в результате штурма 17 июня в 04 часа утра, 70 ранены. Общие правила безопасности: 1. При обнаружении подозрительных предметов : Категорически запрещено прикасаться руками, ногой, палкой ...) необходимо отойти подальше от подозрительного предмета сообщить взрослым, администратору, кондуктору...Необходимо позвонить по телефону: «02», «112», дождаться прибытия полиции. 2. Находясь дома, вы услышали выстрелы, необходимые действия: не входить в комнату, со стороны которой слышаться выстрелы, не подходить к окну, необходимо позвонить: «02», «112» (четко и внятно назвать ФИО, адрес, сообщить о происходящих событиях). 3.В случае угрозы по телефону, вам необходимо: запомнить разговор, оценить возраст говорящего, темп речи, голос, зафиксировать время (желательно не класть трубку). С любого другого телефона позвонить: «02», «112» (четко и внятно назвать ФИО, адрес, сообщить о происходящих событиях). 4.Если рядом прогремел взрыв, ваши действия: упасть на пол, убедиться в том, что не получил серьезных ран, осмотреться, постараться, по возможности оказать первую медицинскую помощь, выполнять все распоряжения спасателей. 5. Если вы оказались в числе заложников: помнить, главная цель – остаться в живых, не допускать истерик, не пытаться оказать сопротивление. Ничего не предпринимать без разрешения. Помнить – спецслужбы начали действовать.

Запомните! Старайтесь не поддаваться панике, что бы ни произошло, помните, что паника может спровоцировать террористов и ускорить теракт, а также помешать властям, предотвратить преступление или уменьшить его последствия. Запомните! Никогда не принимайте от незнакомцев пакеты и сумки, не оставляйте свой багаж без присмотра. Бдительность прежде всего! Обращайте внимание на появление незнакомых лиц в доме, во дворе (подозрительных лиц) и автомобилей, разгрузку мешков и ящиков... Желательно! Во многоэтажном доме установить кодовый замок или домофон – ограничит вход в подъезд и защитит жильцов от посторонних недоброжелателей. Осторожно! Ложное сообщение по телефону о бомбе – наказуемое преступление! Это не шутка- это хулиганство! Дети до 18 лет (несовершеннолетние) ответственность за поступки несут их родители, а с 18лет и старше отвечают за свои поступки сами. Была организована выставка рисунков, оформлен уголок: «Мы против терроризма, террора, Мы - за мир!». Обучающие не могли сдерживать слезы на своих глазах после страшных историй. Многие задавали один и тот же вопрос: «Почему они такие жестокие? Людям ведь больно и страшно...». На занятии повторили общие правила безопасности, ребята задавали множество вопросов, на которые получали полные исчерпывающие ответы. По окончании мероприятия все воспитанники дружно, едино сказали: «Мы против терроризма, мы за мир!» Бояться терроризма нельзя, потому что жизнь под страхом очень тяжела и именно этого добиваются террористы, но нужно быть в любой ситуации Бдительным и Осторожным! Такие мероприятия нужны!

**Аппарат антитеррористической комиссии**
**в Тляратинском районе**

*МЧС России предупреждает...*

# Не жги сухую траву!

**Эти пожары очень опасны. Ещё раз обращаем внимание жителей района на необходимость обязательного соблюдения правил пожарной безопасности в весенне-летний пожароопасный период. Не поджигайте мусор или сухую траву, чтобы не создавать чрезвычайных и опасных ситуаций!**

Во избежание несчастных случаев в период проведения субботников или отдыха на природе сотрудники МЧС России советуют выполнять следующие правила:

- никогда не поджигайте сухую траву на полях или полянах в лесу. Если вы увидите, как это делают другие, постарайтесь их остановить и объяснить, чем опасны травяные палы;

- никогда не разводите костёр в сухом лесу. Прежде всего, убедитесь, что кострище располагается на минеральной почве (песке или глине). Прежде чем развести костёр, сгребите лесную подстилку с кострища и вокруг неё в радиусе одного метра;

- хорошо залейте костёр перед уходом. После этого разгребите золу и убедитесь, что под ней не сохранилось тлеющих углей, если сохранились – то залейте ещё раз. Не уходите от залитого костра, пока от него идёт дым или пар. О том, чем заливать костёр, позаботьтесь заранее;

- никогда не бросайте непотушенные спички или сигареты;

- не заезжайте в лес на автомобилях и особенно мотоциклах. Искры из глушителя могут вызвать пожар, особенно в сухом лесу с лишайниковым покровом;

- постарайтесь объяснить вашим друзьям и знакомым, что их неосторожность может послужить причиной пожаров.

Самые распространённые природные пожары – это травяные палы. Ранней весной прошлогодняя трава быстро высыхает на сильном весеннем солнце и легко загорается от любой брошенной спички или сигареты. Травяные палы быстро распространяются, особенно в ветреные дни; остановить хорошо разгоревшийся пожар бывает очень непросто.

Иногда траву поджигают специально – из баловства, или из-за существующего поверья, что после пала новая трава вырастает быстрее. Последнее верно лишь отчасти: действительно, на прогретой палом земле трава начинает расти быстрее, но потом её рост замедляется, поскольку пожаром в почве уничтожается часть органического вещества, необходимого для её плодородия. Сгорает сухая трава, и питательные вещества, взятые растениями из почвы, улетают с дымом. Оставшаяся зола будет легко смыта дождями. Палы обедняют почву – и наиболее нежные и питательные травы заменяются жёсткими и малоценными. В пламени гибнут насекомые, мелкие звери, птицы.

Травяные палы весьма опасны. Во многих случаях они становятся причиной другого, более катастрофичного пожара – лесного.

При ветреной погоде огонь может повернуть и к населённым пунктам. Травяные палы вызывают очень сильное задымление и так же опасны для здоровья людей, как и лесные пожары. Выделяемые при сжигании сухой травы угарный газ, формальдегид, сажа, циклические углеводороды оказывают вредное влияние на здоровье.

В случае обнаружения пожара немедленно звоните по телефону 112!

**ОНД и ПР №17**
**по Хунзахскому, Тляратинскому**
**и Шамильскому районам**



# Къадрруяб гIумруги къиматал дарсалги

Абула гIадамасул гIумру цо лахIзат бугин ва гьеб араб лъачIого ун батулин. Гьедин батизеги бегьула, амма хIисаб гьабуни, цIакъ гIемер ратула рохалилал, пашманал, талихIал, къваридал къоялги лъугьа-бахъиналги.

ГIумру буго инсанасул кинабго лъикIабги квешабги бакIарараб гъамас гIадаб жо. Цо-цояз гьеб цIола щибго пайда гьечIел ишаз, щибго, я нахъе ругезе пайдаялъе яги жидер цIар цIунизе жо течIого, цогидаз – жавгьар-якъуталдасаги къиматал ишаз, гIадамазе гьабураб хIурматалъ, тIалаб-агъазалъ, гьоболлъиялъ, бицараб гьуинаб ракI батулеб хабаралъ, кьураб гIакълуялъ, малъарал дарсаз, бикьараб рохел-пашманлъиялъ ва цогидаб беццараб гIамалалъ.

ГIаданлъиги, иманги, адабги, хIурматги, жигарчилъиги, жавабчилъиги -гьеб кинабго гъорлъ бугеб гIамалалъул инсан вукIана мунагьал чураяв, дагьав цеве нилъедаса ватIалъарав, ЛъаратIа районалъул Салда росулъа ГIалиев ИсмагIил.

Гьев гьавуна l935 соналъул 2 февралалда. ГьитIинго бихьана бесдаллъиги, ракъиги, рагъулал соназул кьогIлъиги. ХIалтIул байбихьиго букIана гIажаибаб, гIадан божулареб. 7 классалда цIалулев васасул гьунарги лъайи бихьун, тIамун вуго, доб заманаялъ бищун кIудияздаса рикIкIунеб букIараб, Гьерел советалъул (6 росдал) секретарлъун хIалтIизе. Районалдаса вачIарав хIакимас советалъул председателасда гьикъун буго:

- Секретарь кив вугев?
- Дарсиде ана.
- ТIокIав тIамизе чийищ вукIинчIев? Щай дов пуланав чи тIамичIев, дов грамотный чиги вугин.
- Досдаса ИсмагIил анцIго нухалъ грамотный вуго. Гьесул хIалтIул жаваб дица кьела, - ян жаваб кьун буго председателас.

Школа лъугIун цIалана ДГУ ялъул филологияб факультеталда. Гьелдаса хадуб дагьаб мехалъ райком комсомолалдаги хIалтIун, 26 соналъ директолъи гьабуна ункъго батIияб школалда (Къамилухъ, Белъелда, ЧIорода, ТIохьотIа). Гьел соназ рагьана Алиев ИсмагIилил унго-унгояб гьунар. Гьев вукIана кIвахI лъаларев, жигарав, бокьарав чиясдехун хабар-кIал рекъезабизе лъалев, гIадамасул адабалда хъвачIого махсароги гьабулев, жиндирго профессионалияб хIалтIиги рагIа-ракьанде щун гъваридго лъалев, жинца кьолеб предметалде рокьи бижизабун бажарулев ва жив-жив цIалдохъанасул рекIелъе нух батизе кIолев мугIалим. ГьабсагIатги цебе чIола, дарс кьезе классалда жаниве гьев ваккарабго, гьениб лъугьунеб букIараб боржунеб тIутIалъул сас рагIулеб сихIкъотIиги дарс бицунелъул гIенеккун чIарал льималазул бадиб букIараб кунчIиги. Гьеб букIана унго-унгояб театралъул сцена.

Росдал магIишаталда жанивги Алиев ИсмагIил вукIана лъикIав гIуцIарухъанги, жамагIатчиги, насихIатчиги. Щуго соналъ хIалтIана гIагараб Махlач Дахадаевасул цIаралда бугеб колхозалъул председателлъун. Хъутада гьаруна гIемерал хIалтIаби, росулъе бахъана санагIатаб бакIалдаса, кидаги къачIазе кколареб, лъикIаб шагьра нух.

Мажгит- кълугIаялъе, нухазе, цоги хIажатаб бакIалда бихьизабуна ИсмагIилица сахаватльиги жигарчилъиги.

Рукъалъеги, росдаеги, бодеги камуна лъикIав инсан, рагIул устар, лъикIав хъвадарухъан, камилав гIакълучи. Гьев вихьарав лъарав чиясда киданиги кIочон теларо.

РакIалдаса унаро, l979 соналъ лъугIана нижер классалъ школа. Цадахъ цIалулев вукIана l5 васги l5 ясги. ИсмагIил Ибрагьимович вукIана нижер директор. ХIадурана школа лъугIиялда хурхун кутакаб вечер. Директорас лъазабуна, цо-цо васас цо-цо ясалъул кверги ккун, аскIор гIодорги чIун, ясазе вечер лъугIизегIан хIурмат гьабеян. Вечер байбихьулаго жанире лъугьунеб мехалъ, васаз цо-цо кечIги рикIкIеян.

Дун вукIана классалда бищун гIумруяльги черхалъги гьитIинав чи. Ахиралда хутIарай, бакIиде тIаде ваханиги ботIроде квер гIунтIуларей, школа лъугIарабго росасе ине къачIарай, ЦIадаса ХIамзатица абухъе: "БитIун цо почалъул чемодан гIадай" цо ясалъул кверги ккун дун жаниве вачIунаго, релъи кквезе кIоларого нуцIихъ эхетарал учительзабиги директорги рихьун, гъоркьгоги нечарав дир, тIубан рахIат хвана. Дица рикIкIине кколел рукIарал кIочIол мухъалги кIочон тана. Гьал тIад релъизе теларо абун, МахIмудил "Хиянатай гьудул" абураб кочIол чанго куплетги рикIкIун жаниве унаго, хадуб рагIулеб букIана "балагье досухъ", "дов вихьанищ", - илан абулеб.

Вечералда директорас пасихIаб кIалъай гьабуна ва ахиралда абуна: "Нуж жакъаялдаса нахъе яцал вацал гIадин рукIа, анцIго соналдасан данделъизе захIмальила, цоязул магIишат, цогидазул гIисинал лъимал… Къого соналдасан чIара-хьараб магIишатги букIина, лъималги кIудиял гIела, чIаго хутIарал данделъизе санагIат гьабе", - ян.

Гьедин гьабизеги гьабуна. l999 соналъ цIакъ рохалилаб аваданаб дандчIвай букIана нижер киназулго цадахъ хъизан рукъги гIахьаллъун.

Нахъеги къотIи гьабун букIана цойги 20 соналдасан данделъизе. Исана риидал тIубалаан. Аллагьас хъван букIун гьечIо нижер директор нижеда аскIов вукIине, къадаралде щвана.

ИсмагIил нижее кутакалда камуна. Щивасул рекIелъе лъугьана, бищун цевесев рукъалъул чи камурав гIадаб, пашманаб асар. Нижер гIумруялъул учителас нижее кьурал къиматал дарсал нижеда кидаго кIоченаро. Хlал Алжаналъуб батаги, киналго нилъ гьенир данде гьареги.

**Рамазан ХУРШИЛОВ**
**ЛъаратIа район Гъоркьноб росу**

# Нилъедаса ватIалъана



**Февралалъул 2l къоялъ Аллагьасул къадарги щун нилъедаса ватIалъана ЧIорода росулъа ГIали ГIумаров (м.ч). Гьев вукIана нилъер районалъе, хасго Джурмут мухъалъул жамагIаталъе кIудияб пайда жиндаса бугев чи.**

1974 соналъ цIализе лъугьана росдал магIишаталъул институталда ва l979 соналъ цIалиги лъугIун гьев хIалтIизе лъугьана тIомуразул мухъалда ветеринарияв тохтурлъун. Гьев вукIана кIудияб хIалбихьиги бугев, ракIбацIадго жиндир хIалтIиги тIубалев, рии – хасел батIалъи гьечIого бокьараб ахIудги вахъунев, жамагIат разияв хIалтIухъан. ГIемерал росаби, мугIрул ва сухъмахъал тирана гьес хъахIаб чодаги рекIун унтараб боцIи хвасар гьабун. Районалда гIемерал чагIаздаги лъалев, мисалияв хIалтIухъан рикIкIунаан ГIали ГIумаров. ГIумруялъул 70 сон тIубарабго, хехаб унтиги речIчIун гьев нилъедаса ватIалъана. Районалъул администрациялъ ва киналго идарабаз гьвариддаб пашманлъиялда зигара балеб буго ГIали ГIумаровасул гIагарлъиялда, лъималазда ва росдал жамагIаталда. Аллагьас нилъеркиналго хваралги Алжаналде рачайги, чIагоязеги сахлъи кьеги. Амин.

**Пашманаб ахIиялъ ахIун ругьунаб**
**АхIтIолеб телефон жеги росулъан**
**МаркIачIул какие хIадурлъулаго**
**Пашманаб къваридаб хабар бачIана**

**Вац гIадав дир гьалмагъ къваридаб къоялъ**
**Эсул хьолбохъ чIезе тIадаб бугилан**
**Къамилухъе арас фарз тIубанилан**
**Дур вацгIалас танин сабру гьабеян**

**КватIараб сардил гIуж риккада росу**
**Сапаралъ рахъана ниж магIарухъе**
**Росу борчIилалде как ахIилалде**
**Росдал мажгиталъур ракIарана ниж**

**Рогьалил какалги мажгиталъур ран**
**ВацгIаласул рокъор ракIарана ниж**
**Къармадерил васаз къачIан хIадураб**
**Жаназа букьизе хобазде ана**

**ЦIахIилаб чуялда чарал хулжал ран**
**Чанги свердарав мун мугIрул нухазда**
**Гiиял къавуязде фермабазухъе**
**Цойгидал росабахъ ахIаралъуве**

**Жакъа вуго вацгIал цIулал чуялда**
**ТIокIалъ вусин гьечIеб сапаралъ унев**
**Къваридаб пашманаб гIагарлъи рукъ тун**
**Къоял лъугIаразул росулъе унев**

**Ахираталъул рукъ канаб батайги**
**АЛЛАГЬ БетIергьанас къабул гьавейги**
**РАСУЛАСУЛ кумек кибго батайги**
**АЛЖАН Къураздаса ватайги вацгIал**

**Рохелгун пашманлъи гIахьал гьабулел**
**ГьитIинал росаби ЧIорода Салда**
**Цо чи хутIичIого дандеги руссун**
**Квер кьовуде щварал къабул гьаруна**

**Лъебелал къаналал тIомур мухъалъул**
**ЦIумилухъ Къамилух гьоркьоб бакIалъул**
**Цадахъ хIалтIаралги лъайхъвай бугелги**
**ЩвечIого хутIарав чи ватиларо**

**Къваридал хабарал дагьал рагIаял**
**Къармадерил васал баркала нужой**
**Жаназа къачIазе квер бакьаралъухъ**
**Букъизе росулъе щвезабуралъухъ**

**ХАБИБОВ Зайнулабид.**
**ЧIорода росу**

## ГIалил вас ИсмагIил, дуй нух битIаги

Бисавгlалиязул кIудияв гIалим
ГIалил вас ИсмагIил, дуй нух битIаги.
Духъ ругьелгун щварас шагьра гIуцIаги,
Алжан насиблъаги, СиратI бахаги.
Мункар – Накирасе кьолел жавабалъ
ЛъикIалде рачунеббатаги хIукму.
Барзахалде росун ратаги рухIал
ХIалимасул цIобалъ цIаразда жанир.
Дунялалъул боцIухъ бахиллъичIеб напс
БацIцIадалъубги лъун, цIараб батаги.
ЦIикIкIаралде анищ ракIалде ккечIев
Расулил агьлугун аскIов ватаги.
Гьоркьоб тIей гьечIого, кIикього соналъ
Дарсал цIаларазул дуе баркала.
Дур лъаялъул кьучIалъ кьураб тартибалъ
Институт лъугIараз лъолеб дуй дугIа.
МаслихIат – сулхIалде хIал бакъаразе
ХIалтIи тIубаялъухъ - лъугIичIеб гьари.
ТIекъав, мекъи ккарав витIун лъеялъухъ
ТIубараб рукъалъул къотIичIеб гьари.
Мун рехсон бицунеб кагътида хъвараб
Халат гьабичIого, гьаниб лъалхъана.
Духъ ракIалги рухIун, хIухьел угьараз
Мунагьал чураян дугIаги гьабун.

ЧIородаса МухтарахIмад

## Салдаса ИсмагIил

Салдаса ИсмагIил, магIарул гIакъил,
ГIемерал наслаби куцана дуца.
Кидаго камичIо камилаб калам,
Кицилъун лъугьана дур тIолго гIумру.

ТIомуразул рохьахъ цияздa гьоркьов,
Анкьракьалъул парсахъ бисазда аскIов –
Аваристаналъул ссияб ракьалда
Дунялалъул талихI батана дуда.

Тулакаб бартуда, сухъмахъал къотIун,
Сапаразда ана дур сахаб гIумру.
МагIарул росаби тирана дуца
ЦIи-цIияl гIелазда гIелму малъизе.

Журмут гIор бахана, мугIрул квегьана,
Кавказалъул тIогьал дуй мутIигIлъана.
МагIарул ЦIоралде гIемерав щвана,
Миллатцоязухъе дуца квер кьуна.

Нус-нус цIалдохъаби гIумрудул нухда
Дуца тIоритIана, битIараб лъай кьун.
КьучIаl дур дарсазул магIна босарал
МагIарулазда мун кIочене гьечIо.

ХIамзат ГIИЗУДИНОВ

# Пользуйтесь порталом «Госуслуги»

**Уважаемые жители Тляратинского района ОМВД России по Тляратинскому району призывает граждан во избежание очередей пользоваться порталом « Госуслуги ».**

ОМВД России по Тляратинскому району обращает внимание граждан на то, что государственные услуги, предоставляемые ведомством, можно получить в электронном виде, избежав тем самым потери времени в многочасовых очередях перед кабинетами ответственных работников.

ОМВД осуществляет предоставление госуслуг в электронном виде по многим направлениям. Среди них – выдача справок о наличии или отсутствии судимости, регистрация автотранспортных средств, прием квалификационных экзаменов у кандидатов в водители и выдача им водительских удостоверений, регистрация сообщений о происшествиях, ряд госуслуг в сфере частного охранного бизнеса и оборота гражданского оружия и ряд других.

Как отмечает начальник ЦЛРР УФСВНГ России по Республике Дагестан граждане привыкли действовать по старинке и предпочитают стоять в очередях: «Такой порядок обращения у нас в республике пока остается на неудовлетворительном уровне — очень малое количество граждан обращается к нам через портал "Госуслуги", несмотря на то, что процедура достаточно удобная. К сожалению, не все граждане об этом достаточно осведомлены».

Граждане должны лишь зарегистрироваться на портале государственных услуг РФ www.gosuslugi.ru. И затем просто зайти на официальный сайт госуслуг, выбрать необходимый раздел, оформить заявление и получить услугу.

«После заполнения в соответствующей электронной форме обязательных сведений (ИНН, ФИО, СНИЛС, дата рождения и т.п.) гражданин получает код активации, с помощью которого у него появляется возможность войти на портал "Госуслуги" и воспользоваться всеми предоставленными сервисами. Там же можно оформить заявку на услуги по линии Госавтоинспекции и Информационного центра.

К примеру, с помощью портала можно будет подать различные заявления на получение той или иной услуги – от оформления водительских прав до оплаты штрафов. В оформленном заявлении будет указано время приема, к которому вам следует явиться для получения услуг.

Единственное, что необходимо сделать заявителю – предоставить оригиналы документов ЦЛРР МВД по РД.

Граждане, которые оформляют лицензии через портал государственных услуг, обслуживаются вне очереди и при подаче заявления о предоставлении государственной услуги с использованием сети Интернет, заявитель имеет возможность получения сведений о ходе выполнения своего запроса о предоставлении государственной услуги. Это также на руку тем жителям, которые живут в различных районах республики. Они смогут, находясь у себя дома получить любую государственную услугу оказываемую министерством внутренних дел Дагестана в электронном виде. От них только требуется приехать в МВД для получения готовой лицензии или справки.

В настоящее время ЦЛРР России по РД оказывает 28 государственных услуг, связанных с оборотом оружия и частной охранной деятельностью. Это и получение лицензий на право хранения, ношения оружия, выдача лицензий на частную охранную деятельность, удостоверения частного охранника, разрешение на открытие частного охранного предприятия и т.д.

На портале дано описание каждой государственной услуги, включая полное официальное название, требования по срокам оказания, категории получателей государственной услуги, оплата государственной пошлины. Обозначен подробный список необходимого перечня документов по каждой государственной услуге. Кроме того, указано описание «смежных» услуг. Например, кроме услуги на выдачу удостоверения частного охранника даны описания смежных услуг, таких как продление срока действия удостоверения, внесение изменений в удостоверение.

«В прошлом году Центром лицензионно-разрешительной работы от жителей республики поступило более 32 тысячи заявлений по госуслугам, из них в электронном виде лишь 870, а в общем за три года действия этой услуги всего было 986 заявлений в электронном виде», – привел данные Томилин.

Он добавил, что будут постоянно проводиться мониторинги качества обслуживания граждан, насколько быстро и эффективно все прошло, насколько вежлив был сотрудник подразделения. На основании этой оценки впоследствии будут делаться выводы о работе того или иного подразделения.

На официальном ведомственном интернет-сайте МВД по Республике Дагестан в рубрике «Госуслуги, оказываемые гражданам» опубликована ссылка на сайт «Ваш контроль.ру», где граждане могут оставить свой отзыв о качестве предоставленной государственной услуги в МВД по РД в электронном виде.

Что же касается Госавтоинспекции, то в соответствии с действующим законодательством подразделения ГИБДД осуществляют предоставление государственных услуг, в том числе и в электронном виде, по следующим направлениям: регистрация автомототранспортных средств и прицепов к ним (предварительная запись, подготовка документов, печать платежных документов, получение сообщений); прием квалификационных экзаменов и выдача водительских удостоверений (предварительная запись, подготовка документов, печать платежных документов, получение сообщений); предоставление сведений об административных правонарушениях в области дорожного движения (просмотр актуальной информации о правонарушениях и оплате штрафов).

Начальник отделения по регистрационно-экзаменационной работе Управления ГИБДД, майор полиции Магомед Алигазиев отметил, что основной функцией в системе госуслуг является регистрация транспортных средств, а также выдача и замена водительских прав.

«И в данном случае можно не стоять в очереди, а подать заявку на портал госуслуг. При этом человек сам может выбрать удобные ему дату, время и место. Проверка его документов пройдет предварительно, что существенно сократит время», – сказал он.

Кроме того, с помощью портала можно получить услуги, предоставляемые Информационным центром МВД по РД: выдача справок о наличии (отсутствии) судимости, справок о реабилитации жертв политических репрессий, по выдача архивных справок.

Гражданам предоставлена возможность для получения справок о наличии (отсутствии) судимости обращаться не только в Информационный центр МВД по Республике Дагестан, но и в МФЦ.

Таким образом, в настоящее время гражданину для получения государственной услуги от МВД России требуется предъявить минимальное количество документов, как правило, имеющихся у него на руках. Большая часть сведений и документов запрашивается через систему межведомственного электронного взаимодействия в федеральных органах исполнительной власти, где она имеется.

Хотелось бы еще раз подчеркнуть, о преимуществах пользования Порталом государственных услуг(www.gosuslugi.ru) и получения госуслуги в электронном виде: сокращаются сроки предоставления услуг (до 20 дней по линии центра лицензионно-разрешительной работы и до 15 дней по линии информационного центра, когда в порядке живой очереди срок получения госуслуг составляет 30 дней); уменьшаются финансовые издержки граждан и юридических лиц.

**Ответственный по оказанию госуслуги**
**ОМВД России по Тляратинскому району**
**капитан полиции ГАДЖИЕВ М.Х.**
*12.02.2019г.*

## *Прокуратура сообщает:*

**В 2018 г. по представлениям прокуратуры района в связи с утратой доверия уволены трое должностных лиц.**

В нарушении ст. 15 Федерального закона от 25.12.2008 № 273-ФЗ «О противодействии коррупции» и Положения «О реестре лиц, уволенных в связи с утратой доверия» утвержденного постановлением Правительства Российской Федерации от 5 марта 2018 г. № 228, ответственным должностным лицом муниципального района «Тляратинский район» по состоянию на 15.01.2019 г. сведения об увольнении вышеуказанных лиц в связи с утратой доверия для включения реестр, в уполномоченный орган не направил.

Для устранения указанного нарушения в адрес главы администрации муниципального района внесено представление, которое рассмотрено и должностное лицо привлечено к дисциплинарной ответственности.

Также в настоящее время сведения об увольнении вышеуказанных лиц в связи с утратой доверия для включения реестр, направлены в уполномоченный орган республики.

* * *

Трдовой Кодекс Российской Федерации дополнен новой статьей 262.2, определяющей очередность предоставления ежегодных оплачиваемых отпусков работникам, имеющим трех и более детей. Согласно новому положению работникам, имеющим трех и более детей в возрасте до 12 лет, ежегодный оплачиваемый отпуск предоставляется по их желанию в удобное для них время.

* * *

В связи с прошедшей в Российской Федерации пенсионной реформой и принятием Правительством страны решения об увеличении пенсионного и предпенсионного возраста россиян, в целях защиты конституционных прав граждан на труд, в Уголовный кодекс Российской Федерации Федеральным законом от 03.10.2018 N 352-ФЗ внесены изменения. Так, в Уголовный кодекс РФ включена новая статья следующего содержания: «Статья 144.1. Необоснованный отказ в приеме на работу или необоснованное увольнение лица, достигшего предпенсионного возраста:

Необоснованный отказ в приеме на работу лица по мотивам достижения им предпенсионного возраста, а равно необоснованное увольнение с работы такого лица по тем же мотивам-наказывается штрафом в размере до двухсот тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период до восемнадцати месяцев либо обязательными работами на срок до трехсот шестидесяти часов.

Примечание. Для целей настоящей статьи под предпенсионным возрастом понимается возрастной период продолжительностью до пяти лет, предшествующий назначению лицу страховой пенсии по старости в соответствии с пенсионным законодательством Российской Федерации.»

Кроме того, 25.12.2018 пленум Верховного суда Российской Федерации издал постановление, в котором дал разъяснения практики применения указанной и иных норм закона.

Прокуратура разъясняет, что уголовная ответственность по статьям 144.1, 145 УК РФ за необоснованный отказ в приеме на работу или необоснованное увольнение лица, достигшего предпенсионного возраста, указанного в примечании к статье 144.1 УК РФ, а равно заведомо беременной женщины или женщины, имеющей детей в возрасте до 3 лет (матери, женщины-усыновителя, женщины-опекуна или приемной матери, воспитывающей одного или более ребенка ввозрасте до 3 лет), наступает только в случаях, когда работодатель руководствовался дискриминационным мотивом, связанным соответственно с достижением лицом предпенсионного возраста, беременностью женщины или наличием у женщины детей в возрасте до 3 лет.

В случае если трудовой договор с работником был расторгнут по его инициативе, однако по делу имеются доказательства того, что работодатель вынудил работника подать заявление об увольнении по собственному желанию именно в связи с его предпенсионным возрастом, беременностью женщины или наличием у женщины детей в возрасте до 3 лет, такие действия также образуют состав преступления, предусмотренного статьей 144.1 или 145 УК РФсоответственно.

Редактор:
**Раджабов Расул Абакарович**
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрациялъул ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
Тираж 1100 экз. Индекс: 51372

Газета отпечатана в типографии "Лотос" по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
*Время подписания в печать: по графику: 19.00 фактически: 19.00* , 25.02.2019
Заказ ____________